



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON INISYATIV 1.8 MILYON DOLA POU AMELYORE REZISTANS AK REPONS IJANS WALLKILL

*Yon pati nan plan 3.1 milyon dola pou ede Wallkill adapte ak chanjman klimatik*

*Pral redui inondasyon pandan tanpèt alavni ak pwoteje epi amelyore enfrastrikti*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann inisyativ Rediksyon Plèn Inondab Winding Brook, yon inisyativ 1.8 milyon dola pou diminye domaj inondasyon pandan tanpèt alavni, pwoteje enfrastrikti vital ak amelyore kapasite repons dijans yo. Pwojè a fè pati yon plan global 3.1 milyon dola pou ranfòse rezistans kont tanpèt nan Wallkill apre Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee.

"Amezi klima nou an ap chanje epi gwo tanpèt yo kontinye rive pi souvan, nou bezwen solisyon ki rann kominote nou yo pi rezistan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan ranfòse enfrastrikti enpòtan, amelyore kapasite repons yo ak rete prepare, n ap poze fondasyon pou ede jenerasyon alavni Nouyòkè yo simonte enpak chanjman klimatik yo".

Atravè pwojè Rediksyon Plèn Inondab la, ponso yo nan Bend Lomond Drive ak Badami Drive, de wout ki te soufri gwo inondasyon ak ewozyon pandan gwo tanpèt yo, te ranplase pou amelyore sikilasyon dlo nan koridò Winding Brook ak redui kouran dlo lapli. Chose ak ray gidaj yo te ranplase tou, epi yo te retire vejetasyon an nan ponso yo pou ede redui akimilasyon debri yo. Depi lè li fini, Vil Wallkill te sibi plizyè tanpèt epi wout yo te lib akòz drenaj amelyore a.

Anplis de pwojè Winding Brook la, travay GOSR nan Wallkill te gen ladan tou yon pwojè pou amelyore drenaj nan State Route 211 (SR 211) ak Fitzgerald Drive, ki te fini nan fevriye 2021. Pwojè a te ouvri - oswa te klere avèk limyè lajounen - yon ponso drenaj ki bloke pou redui akimilasyon dlo. Li te agrandi tou yon zòn retansyon dlo pou kenbe tanporèman dlo tanpèt yo pandan gwo sityasyon dlo yo ak yon zòn tanpon rivyè te etabli avèk pye bwa natif natal ak lòt plantasyon pou absòbe dlo lapli.

GOSR te enstale sistèm batri sekou ak eleman koneksyon ki pèmèt konekte jeneratè sekou pòtab yo nan 15 limyè sikilasyon nan SR 211, ki fini nan out 2020. Apre egzanp GOSR la, branch siplemantè yo pral enstale tou nan plis entèseksyon Wallkill nan SR 211 ak lòt gwo wout.

**Direktè Egzekitif Adjwen Pwogram Rekonstriksyon ak Enfrastrikti Kominotè NY Rising nan GOSR, Eileen Méus, te deklare,** "Nou kontan ke pwosesis konsepsyon kominotè GOSR la te mennen nan twa pwojè ki pral asire tout kominote Wallkill la pi byen pwoteje pandan tanpèt alavni epi pral ede New York adapte ak yon chanjman klimatik".

**Senatè Mike Martucci te deklare,** "Sèlman nan ane pase, Konte Orange te sibi plizyè move tan avèk domaj ki te kreye difikilte pou rezidan nou yo ak deranjman nan lavi chak jou yo. Pwojè tankou sa enpòtan pou pwoteje kont kalite evènman sa yo alavni epi asire premye entèvenan nou yo nan pi bon kondisyon pou jere danje ki dekoule de yo. Mwen remèsye Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a dèske yo fè investisman konsiderab sa a nan distri sena mwen an ak popilasyon k ap viv isit la".

**Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou mwen wè achèvmman Pwojè Rediksyon Plèn Inondab Winding Brook la. Vil Wallkill te sibi inondasyon devastatè nan dènye ane yo, epi travay k ap fèt pou ranfòse enfrastrikti sa a pral kontribiye anpil nan asire ke vil la pi byen prepare pou inondasyon alavni yo. Nesesite pou ranfòse enfrastrikti nou an ijan, epi avèk fòs ak frekans tanpèt yo k ap ogmante nan zòn nou an, travay sa a ankò pi enpòtan. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk distri mwen an pou ede asire sekirite ak dirabilite kominote nou yo".

**Sipèvizè Vil Wallkill la, George Serrano, te deklare,** "Kòm yon ansyen rezidan Vil Wallkill, mwen te wè dirèkteman domaj Siklòn Irene ak Siklòn Lee te lakòz. Domaj nan kominote nou an te devastè pou biznis ak rezidan yo. Mwen fyè pou m fè patenarya avèk Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a ak finansman yo te ba nou atravè Pwogram Sibvansyon NY Rising lan. Patenarya sa a te pèmèt nou fini twa pwojè ki te diminye preyokipasyon sou sekirite ak inondasyon yo san okenn frè pou rezidan nou yo".

### **Konsènan GOSR**

GOSR te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising (NY Rising Housing Recovery), pwogram Ti Bisnis yo, pwogram Rekonstriksyon Kominotè, pwogram Enfrastrikti ak pwogram Rekonstriksyon apati Konsepsyon li yo, GOSR ap investi 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global Devlopman Kominotè federal-Finansman pou Rekiperasyon apre Katastwòf yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou <http://stormrecovery.ny.gov/>.

Grask ak Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising (NY Rising Community Reconstruction, NYRCR) lan ak Pwogram Enfrastrikti yo, Eta a pran yon seri inisyativ ki devlope pandan pwosesis planifikasyon kominotè asandan li pou amelyore rezistans, pwoteje enfrastrikti enpòtan, diminye risk pèt ak domaj ki asosye avèk katastwòf alavni epi redui difikilte.

Kounye a nan faz aplikasyon an, GOSR travay avèk yon seri patnè minisipal, konte ak san bi likratif pou reyalize plizyè santèn pwopozisyon ki konsevwa nan nivo lokal.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)